

MAKSIM KERJASAMA LAN PENYIMPANGAN MAKSIM KERJASAMA SAJRONE PACATURAN PARA MAHASISWA KANG KOS ING BABATAN SURABAYA
(Tinting Pragmaik)

Intan Nur Cahyani Safitri

Jurusan Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah
Fakultas Basa lan Seni
Universitas Negeri Surabaya

Intandeyna@gmail.com

ABSTRAK

Analisis tumrap sawijining kajian pragmatik wis kerep ditindakake ing panliten sadurunge. Aspek pragmatik mligine wujud maksim kerjasama kang ana sajrone pacaturan para mahasiswa kang kos ing Babatan Surabaya perlu antuk kawigaten. Pacaturan para mahasiswa nduweni maksud kang temen nanging yen dideleng saka basane pacaturan kasebut ngemu surasa santai lan akrab, amarga ana saperangan pacaturan kang ora serius ateges guyon lan eyel-eyelan sajrone pacaturane. Saliyane kuwi amarga akeh banget makna-makna kang ora cetha tur ambigu ing sajrone pacaturan kasebut. Mula, pacaturane para mahasiswa bisa ndadekake akeh ragame yen dideleng saka aspek pragmatike, mligine ing teori maksim kerjasama.

Underane panliten iki, yaiku (1) wujud maksim kerjasama apa wae kang digunakake sajrone pacaturan para mahasiswa kang kos ing Babatan Surabaya? (2) penyimpanganmaksim kerjasama apa wae kang digunakake sajrone pacaturan para mahasiswa kang kos ing Babatan Surabaya? ancas saka panliten iki yaiku nagndharake lan ndheskripsikake kaloro underan panliten ing ndhuwur.

Teori kang digunakake kanggo ngandharake dhata sajrone panliten iki, yaiku maksim kerjasama *Grice* ngenani maksim *kualitas*, maksim *kuantitas*, maksim *relevansi*, lan maksim *pelaksanaan*. Kanthi lelandhesan teori kasebut, panliti bisa ngerteni lan ngandharake underan panliten ing ndhuwur.

Panliten iki nggunakake ancangan dheskriptif kualitatif. Tegese dhata-dhata kang kasil diklumpukake banjur diandharake siji mbaka siji lan dijlentrehake kanthi gamblang adhedhasar maksim kerjasama *Grice*. Dhata ing panliten iki, yaiku cecaturan kang dituturake dening para mahasiswa kang kos ing Babatan Surabaya. Tata cara pangolahe dhata ing panliten iki, yaiku nglumpukake dhata, nranskripsi dhata, klasifikasi dhata, verifikasi dhata lan analisis dhata kanthi nggunakake tetembungan kang gampang dingerteni.

Adhedhasar asile andharan lan jlentrehan dhata, wujud Maksim Kerjasama sajrone pacaturan para mahasiswa kang kos ing Babatan Surabaya ana papat, yaiku maksim kualitas, maksim kuantitas, maksim relevansi lan maksim pelaksanaan. Semono uga penyimpangan sajrone sajrone pacaturane para mahasiswa kasebut uga ana papat, yaiku penyimpangan maksim kualitas, penyimpangan maksim kuantitas, penyimpangan maksim relevansi, lan penyimpangan maksim pelaksanaan.

Tembung Wigati: Maksim kerjasama, pacaturan, para mahasiswa.

PURWAKA

LELANDHESANE PANLITEN

Basa nduweni peranan kang wigati tumrape manungsa, utamane minangka alat komunikasi lan interaksi manungsa. Kanthi komunikasi, manungsa bisa medharake idhe-idhe, kawruh, gagasan, lan ngandharake apa kang ana ing pikirane. Kaya kang diadharake Basir (2010:21) yen basa kuwi piranti utama kanggo guneman ing masyarakat. Tegese yen basa kuwi wigati banget kanggo guneman marang salah sawijine wong liya, sanadjan basa kuwi kajawab kang awujud solah bawa. Basa kang digunakake dening panutur adate ora ngrembug *kaidah kebahasaan* kang trep, amarga basa kang

digunakake adate metu sakarepe dhewe tanpa disadhari dening panutur.

Manungsa mesthi nggunakake basa ing wektu lan panggonan apa wae. Kartomihardjo (1987:7) ngandharake yen ing saben jangkah lan ambegane manungsa kuwi mesthi nggunakake basa kang maneka warna wujud kanggo nyukupi kabutuhane. Kaya dene, nalika kuliyah, blanja, dodolan ing pasar, mergawe ing pabrik lan kantor. Basa-basa kang digunakake ing saben-saben dhaerah nduweni titikan utawa sipat kang beda-beda. Salah siji titikane yaiku basa kuwi ngalami owah-owahan. Basa ngrembaka melu pangrembakane masyarakat. Awit kaya mangkono produksi basa dening panutur kerep ngalami

fenomena-fenomena kang narik kawigaten kanggo dijingglengi, salah sijine yaiku ngenani basa sajrone pacaturan para mahasiswa.

Basa sajrone pacaturan para mahasiswa ana kang trep karo kaidah basa lan umume uga akeh kang nyimpang saka kaidah basa. Kanthi ora trepe basa karo kaidah basa kuwi mulane bisa njalari anane unsur kang lucu sajrone pacaturan kasebut. Pacaturan sajrone tetakonan iki ditindakake dening mahasiswa sajrone urip bebrayan, ing kos, saben mahasiswa mesthi nduweni rasa kepengin ngerti babagan apa wae. Rasa kepengin ngerti kuwi mau bisa diwujudake kanthi cara nindakake tetakonan marang kancane sajrone pacaturan.

Ana ing pacaturan, sajrone manungsa ngirimake kode-kode tartamtu kang katuju marang lawan tuture. Antarane panutur lan mitra tutur kudu padha-padha ngerti babagan apa kang diomongake, amarga upamane ana salah sijine kang ora sambung, pacaturan kasebut ora ana gunane. Kadhang kala nalika nindakake pacaturan, pawongan kasebut ora ngandharake kanthi cara sinurat utawa maksud knag siningid. Mula, saka pacaturan kasebut mitra tutur supaya ngerteni maksud saka panutur (Grice sajrone Rohmadi, 2004:37)

Pacaturan sajrone mahasiswa yen dideleng saka basane kagolong nggunakake ragam basa kang *santai* lan *akrab*, amarga basa kang digunakake dening mahasiswa kuwi ora kabeh *serius* ana uga kang plesetan guna kanggo dadi panglipur marang kancane, basa kang digunakake uga ora nduweni pola kang baku. Basa kang ditindakake sabendinane ya ana kang kanthi anane makna lucu, ambigu, lan nyimpang saka kaidah basa sajrone pacaturane. Mula, basa pacaturan para mahasiswa ndadekake akeh ragame yen dideleng saka aspek pragmatike. Bahan kajian saka panliten iki, yaiku saka pacaturan para mahasiswa kang kos ing Babatan Surabaya. basa pacaturan kang digunakake para mahasiswa iki nduweni bab onjo saliyane kanggo tetakonan awèh *informasi* uga kanggo gegojegan ateges nduweni maksud kanggo

nglipur kancane supaya ora mung meneng lan supaya kancane bisa ngguyu sawise ngrungokake omongane lan pacaturan.

Katerangan ing ndhuwur kuwi minangka pawadan milih pacaturan para mahasiswa minangka underane panliten iki, amarga pacaturan mahasiswa kuwi nduweni tujuan yaiku kanggo awèh informasi lan nglipur antarane mahasiswa siji lan mahasiswa liyane sajrone pacaturan saengga bisa nggawe ngguyu nalika pacaturan, saengga bab kasebut bisa narik kawigatene panliti kanggo ngonceli luwih jero perkara bab kasebut. Pawadan liyane yaiku saben pacaturan samesthine kudu gathuk, runtut lan relevansi karo konteks. Kanthi tuturan kang ringkes lan cetha bisa gampang ditampa lan dingerteni marang mitra tuture. Mulane saben panutur kan mitra tutur nalika cecaturan kuwi kudune nduweni sawiji maksim kerjasama supaya proses pacaturan bisa lumaku kanthi lancar lan trep karo konteks.

Basa pacaturan para mahasiswa kasebut nduweni titikan kang njalarai panliti nduweni kawigaten kanggo nlliti basa kang digunakake sajrone pacaturan mahasiswa

kasebut saka aspek pragmatike, yaiku kanthi irah-irahan Maksim Kerjasama sajrone Pacaturan Para Mahasiswa kang Kos ing Babatan Surabaya. teori kang bakal digunakake ing sajrone panliten iki yaiku nganggo teori pragmatik luwih mligine, yaiku nengenake teori maksim kerjasama Grice. Teori prinsip kerjasama kang dimaksud, yaiku: Maksim *Kuantitas*, Maksim *Kualitas*, Maksim *Relevansi*, lan Maksim *Cara Pelaksanaan* (Wijana, 1996:45). Wekasane saben panutur lan mitra tutur kuwi kudu nduweni sawijine prinsip kerjasama supaya proses komunikasi bisa lumaku kanthi lancar.

Adhedhasar andharan kasebut, ing panliten iki pengin ngerteni anane wujud lan penyimpangan saka prinsip kerjasama Grice. Anane wujud lan penyimpangan kasebut ora adoh saka topik kang ditliti, yaiku pacaturan para mahasiswa kang kos ing Babatan Surabaya. Panliti ing kene mung nlliti sapanggon kang dadi objeke panliten yaiku ana ing kos nomer 27 gang II Babatan Surabaya. Panliti duwe kawigaten bakal nlliti pacaturan iki saka aspek pragmatike kanthi irah-irahan Maksim Kerjasama sajrone Pacaturan para Mahasiswa kang Kos ing Babatan Surabaya.

1.1 Underane Panliten

Miturut lelandhesan panliten ing ndhuwur, underane panliten bisa dirumusaké kaya ing ngisor iki:

- 1) Wujud maksim kerjasama apa wae kang digunakake sajrone Pacaturan para Mahasiswa kang Kos ing Babatan Surabaya?
- 2) *Penyimpangan* maksim kerjasama apa wae kang digunakake sajrone Pacaturan para Mahasiswa kang Kos ing Babatan Surabaya?

1.2 Ancase Panliten

Adhedhasar underane panliten ing dhuwur, mula panliten iki nduweni tujuan kaya mangkene:

- 1) Ngandharake wujud maksim kerjasama kang digunakake sajrone Pacaturan para Mahasiswa kang Kos ing Babatan Surabaya.
- 2) Ngandharake *penyimpangan* maksim kerjasama kang digunakake sajrone Pacaturan para Mahasiswa kang Kos ing Babatan Surabaya.

1.3 Paedah Panliten

Sajrone panliten iki muga-muga bisa nduweni paedah kang bisa migunani ngenani aspek-aspek pragmatik lan wates-watese perkara kang diteliti. Watesan iku amarga saka kurang rowane kawruh kang diduweni panliti. Panliten iki uga nduweni paedah ing antarane yaiku:

- 1) Dikarepake bisa menehi paedah tumrap panliti, bisa kanggo nambah kawruh ngenani wujud lan *penyimpangan* maksim kerjasama.
- 2) Tumrap pamaca supaya bisa kanggo nggampangake anggane nyinaoni babagan wujud lan *penyimpangan* maksim kerjasama.
- 3) Dikarepake panliten bisa bisa migunani tumrap pamaca ngenani ilmu basa, mligine ngenani pragmatik lan bisa menehi wawasan tumrap ilmu basa.

- 4) Dikarepake panliten iki bisa ana kang nerusake maneh ing panliten kang luwih wigati.

1.4 Wewatesane Panliten

Sajrone panliten iki nduweni watesan-watesan kang dienggo amrih nggampangake kurang rowane kawruh anggone nliti. Supaya panliti ora ngglandrah utawa ora uwal saka konsepe panliten kang wis dadi reronce, watese panliten iki yaiku panliten mung ngandharake tuturan basa ing pacaturan para mahasiswa kang kos ing Babatan Surabaya. Banjur sumber dhata panliten iki kang mung fokus ngandhrake apa wae tuturan kang dituturake dening para mahasiswa kang lagi cecaturan ing sajrone kos kang ana ing Babatan Surabaya. Dadi, mung nliti basa sajrone pacaturane para mahasiswa kang ngandhut wujud lan penyimpangan maksim kerjasama.

1.5 Wewatesane Tetembungan

Supaya ora salah anggone negesi tetembungan iki, mula kudu ngerteni watesan-watesan ngenani istilah kang digunakake ing panliten iki, mula perlu diandharake ngenani panjlentrehe tembung kang digunakake dening panliten kaya ing ngisor iki:

- 1) Maksim kerjasama Grice ngadharake yen sajrone nindakake maksim kerjasama ing dhuwur, saben panutur kudu ngenut 4 (patang) maksim pacaturan, yaiku Maksim Kuantitas (*maxim of quantity*), Maksim Kualitas (*maxim of quality*), Maksim Relevansi (*Maxim of Relevance*) Maksim Pelaksanaan (*maxim of manner*) (Wijaya, 1996: 45-50).
- 2) Pacaturan yaiku bisa diarani komunikasi kang lagi ditindakake dening pawongan utawa kelompok kang kaperang saka rong pawongan utawa luwih, kang nduweni pembahasan banjur nduweni asil ngenani pamikiran kang padha. Ngenani pacaturan ana kang kalebu pacaturan formal lan pacaturan non formal (Ibrahim, 1993).
- 3) Mahasiswa yaiku aran kagem pawongan kang lagi golek ilmu ing jajaran perguruan tinggi kang kaperang saka sekolah tinggi, akademi, lan sing paling umum yaiku universitas (Zamhari, 2006: 16)
- 4) Kos-kosan yaiku sawijine panggonan kang digawe nginep para mahasiswa kang lumrahe awujud bangunan kamar-kamar kang dipanggoni dening mahasiswa lan dipanggoni ing saben-saben kamar (Firdaus, 2015)

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Panliten Sadurunge kang Saemper

Panliten sadurunge kang dianggap saemper, ditindakake dening :

- 1) Wulandari (2016) kanthi irah-irahan *Maksim Kerjasama sajrone Basa Humor Gelanggang Remaja Panjekar Semangat Taun 2013*. Panliten kasebut njlentrehake ngenani maksim kerjasama apa wae kang ana ing Gelanggang Remaja Panjekar Semangat taun 2013. Ngenani wujud lan penyimpangan maksim kerjasama.
- 2) Damayanti (2017) yaiku nliti kanthi irah-irahan *Prinsip Kerjasama sajrone Pacaturan Lawakan*

Kirun, Bagyo lan Kholik. Panliten kasebut njlentrehake ngenani prinsip kerjasama ngenani wujud, penyimpangan lan pesen kang kinandhut sajrone lawakan Kirun, Bagyo lan Kholik..

- 3) Wahyuni (2016), yaiku nliti kanthi irah-irahan *Implikatur Pacaturan lan Pelanggaran Maksim Kerjasama sajrone Tetakonan ing Grup Sumbangsih*. Panliten kasebut njlentrehake ngenani implikatur pacaturan lan pelanggaran Maksim Kerjasama sajrone Tetakonan ing grup Sumbangsih. Lan ngeretni jinis tetakonan apa wae kang digunakake.
- 4) Hardiyanti (2017) kang nliti kanthi irah-irahan *Maksim Kerjasama sajrone Pagelaraan Wayang Kulit Dhalang Ki Kondho Srinan Joyo alias Sun Gondrong*. Panliten kasebut njlentrehake ngenani wujud Maksim Kerjasama lan penyimpangan-penyimpangan ngenani Maksim Kerjasama sajrone pagelaran wayang kulit dhalang Ki Kondho Srinan Joyo alias Sun Gondrong kanthi nggunakake aspek pragmatik.

Adhedhasar panliten saemper kang wis diandharake mau, gegayutan karo bab maksim kerjasama ing pacaturane mahasiswa kang bakal diteliti. Pamedane panliten saemper mau karo panliten aspek pacaturane para mahasiswa kang bakal diteliti yaiku saka underane panliten kang njlentrehake ngenani wujud lan penyimpangan. Sumber dhata sajrone panliten iki nggunakake pacaturane para mahasiswa kanthi irah-irahan *Maksim Kerjasama sajrone Pacaturan para Mahasiswa kang Kos ing Babatan Surabaya*.

Pragmatik

Pragmatik mujudake cabang ilmu basa ing wektu iki saya misuwur senadyan ing rong dasa warsa kapungkur ilmu iki wis arang sinebut maneh dening para ahli basa. Bab kasebut dilandhasi dening sadhare para linguist yen kepengin ngupayakake hakikat basa tanpa ana asile yen ora didhasari kanthi anane pemahaman ngenani pragmatik, kang ateges kepriye iku digunakake sajrone komunikasi (Leech 1993,1; Wijana, 1996,4).

Miturut Leech (1993:3) pragmatik minangka cabang ilmu basa kang ngandharake panganggone basa saka tataran basa, yaiku fonologi, morfologi, sintaksis, lan semantik. Dene miturut Yule (2006:3) njlentrehake yen pragmatik kuwi minangka cabang ilmu basa kang nyinaoni makna kang dikarepake dening panutur lan bakal ditegesi dening mitra tutur. Bab kasebut ateges yen pragmatik kuwi sawijine pasinaon kanggo nyinaoni basa sajrone pangunggane sarta makna kang kaasilake saka ukara kang bisa diweruhi kanthi ndeleng konteks sajrone tuturan kasebut. Ateges pasinaon iki bakal ngonceki kanthi analisis maksude ukara-ukara kang dituturake dening panutur. Saka andharan kasebut bisa sinebut yen apa kang diwedharake kuwi kalebu tindak tutur.

Basa

Basa minangka piranti gawe sesrawungan. Kanthi basa manungsa bisa ngandharake apa kang dadi kekarepane ing antarane, yaiku rasa bungah, susah lan liya-liyane. Semana uga, ing babagan basa kang kaucapake nanging uga bisa saka solah bawane. Kanthi basa kang kaucap saka lambe utawa solah bawane. Panutur lan mitra

tutur bisa mangerteni apa kang dikarepake. Basir (2010:21) ngandharake yen basa kuwi piranti utama kanggo guneman ing masyarakat. Tegese yen basa kuwi wigati banget kanggo guneman marang wong liya. Dadi, basa iku piranti kang pas kanggo guneman marang salah sawijine wong liya, senajan basa kuwi kajawab kang awujud solah bawa. Dene miturut Chaer (2004:14) basa yaiku pirantine manungsa kanggo ngekspresikake pikiran lan perasaane sing diduweni.

Miturut gunane, werna basa uga kaperang maneh dadi lima, yaiku (1) Ragam baku, ragam kang paling resmi, kang digunakake ing situasi-situasi kang khidmat lan upacara-upacara resmi, (2) Ragam resmi, yaiku ragam kang digunakake ing tanggap wacana resmi, kaya rapat dinas lan sapiturute, (3) Ragam usaha (consultive), yaiku ragam basa kang digunakake ing tuturan-tuturan basa ing sekolah, perusahaan, lan sapiturute, (4) Ragam santai (casual), yaiku ragam basa santai antar kanca, ing pacelatho, rekreasi, lan sapiturute, lan (5) ragam akrab (intimate) yaiku ragam basa antaranggota kang akrab ing kulawarga utawa kanca cedhak. (Nababan, 1993:53).

Wacana

Wacana minangka satuan basa kang paling jangkep kang kadadaeyan saka (saperangkat) proposisi kang ana sambungane saengga nuwuhake rasa kapadhuhan lan kautuhan. Diandharake satuan basa kang paling jangkep amarga wacana ngandhut makna utawa gagasan kanthi cara kang padhu. Dene miturut Mulyana (2005:6) wacana yaiku satuwan basa kang paling jangkep, luwih dhuwur saka klausa lan ukara, nduweni kohesi lan koherensi kang apik, wiwit lan pungkasan kang cetha, kang biyasa diandharake kanthi lisan lan tulisan.

Wacana minangka rerangken ujar utawa rerangken tindak tutur kang ngungkapake sawijine hal (subjek) kang disuguhake kanthi cara runtut, *sistematis*, ing sakesatuan kang koheren dibentuk saka *unsur segmental* utawa *non-segmental* basa. Wujud wacana yaiku teks arupa reroncen proposisi minangka asil ngandharake ide/gagasan. (Rani, 2006:4)

Tegese Pacaturan

Sajrone pacaturan sawijine panutur nduweni maksud tartamtu nalika ngandharake samubarang. Panutur sajrone pacaturan kudu ngupaya supaya apa kang wis diandharake ana sesambungane karo kahanan sajrone pacaturan kasebut, cetha lan gampang dingerteni dening mitra tutur (Kushartanti, 2005:106). Pacaturan digunakake kanggo ngandharake apa kang ditegesi utawa kang dimaksud dening panutur, amarga pacaturan iki nduweni isi sinurat kang beda karo apa kang sabenere dipocapake dening panutur kuwi dhewe. Grice (1975:39) ngandharake yen pacaturan ana sesambungane karo apa kang diandharake dening panutur tinimbang cara ngandharake kang digunakake dening panutur. Supaya proses tindak tutur bisa ditindakake kanthi lancar, kudune panutur lan mitra tutur kudu nuruti prinsip kerjasama.

Paedah Pacaturan

Lavinson (sajrone Lubis, 1993:70) ngandharake paedahe nggunakake konsep pacaturan kanthi cara konsepsional kabahasan kaya mangkene:

1. Ngandharake ngenani teges utawa kanyatan basa kang ora bisa ditengeri kanthi cara linguistik,
2. Ngandharake lan njlentrehake kang teges ngenani pambeda lahiriyah saka maksud pawongan kang caturan.
3. Ngandharake semantik ngenani antarane klausa kang digayutake tembung panggandheng kang padha, lan
4. Njlentrehake kanyatan kanthi cara lahiriyah basa kan ora ana gayutane ngenani makna senadyan ora trep (kayata metafora)

Analisis Pacaturan

Sejatine pacaturan yaiku *manifestasi* panganggone basa kanggo komunikasi. Mey (2001:137) ngandharake yen wujud panganggone basa kasebut bisa dideleng saka rong aspek. Aspek kapisan yaiku isi, diarani isi amarga kang wigati sajrone isi kuwi kayata topik kang lagi direbug sajrone pacaturan, kepriye topik kuwi mau diwedharake sajrone pacaturan. Kapindo yaiku aspek formal sajrone pacaturan. Kang perlu diwigatani sajrone pacaturan iki yaiku kepriye pacaturan lumaku, aturan-aturan apa kang perlu digatekake. Aturan-aturan kasebut perlu diperhatekake amarga kanthi ngerteni kuwi supaya sajrone pacaturan kuwi bisa lumaku kanthi lancar lan ora ngalami gangguwan.

Maksim-maksim Kerjasama Grice

Ing komunikasi kang salumrahe, panutur mesthi ngupaya supaya omogane utawa tuturane mesthi runtut lan relevansi karo konteke, gamblang, ringkes, kepenak ditampa lan dingerteni, uga trep karo prakara sing diomongake utawa dituturake. Wekasane saben-saben panutur lan mitra tutur kuwi kudu duwe sawijine prispip kerjasama supaya proses komunikasi bisa lumaku kanthi lancar.

Leech (1993:144) nduweni pamawas yen informasi kang diwedharake sajrone pacaturan kudu nduweni relevansi utawa sesambungan antarane apa kang diwicarakake karo tindak tanduk gegayutan karo pacaturan utawa lawakan. Tegese materi kang ditindakake dening panutur ora ana relevansi utawa gayutane karo apa kang diwedharake. Bab kasebut njalari anane aspek pelanggaran kang kudu ditindakake dening panutur lan mitra tutur. Kanthi cara nindakake pelanggaran, pangajabe bisa nuwuhake lelucon utawa lawakan sajrone pacaturane saengga njalari wong kang dijak cecaturan kuwi bisa ngguyu amarga dirasa wangsulan ora cundhuk karo apa kang ditakokake.

Grice ngandharake yen sajrone nindhakake prinsip kerjasama ing dhuwur, saben panutur kudu ngenut 4 (patang) maksim percakapan, yaiku maksim kuantitas (*maxim of quantity*), maksim kualitas (*maxim of quality*), maksim relevansi (*maxim of relevance*), lan maksim cara (*maxim of manner*) (Grice, 1975: 45-47)

Landhesan Teori

Lelandhesan teori kang digunakake yaiku teori prinsip kerjasama. Grice (sajrone Wijana, 1996:45) ngandharake yen sawijine pacaturan umume mbutuhake kerjasama antarane panutur lan mitratutur supaya bisa nggayuh tujuwan kang dikarepake. Prinsip kang ngatur kerjasama antarane panutur lan mitra tutur sajrone cecaturan kuwi diarani prinsip kerjasama. Wektu nindakake prinsip kerjasama panutur lan mitra tutur kudu manut marang patang maksim kerjasama, yaiku maksim kuantitas (maxim of quantity), maksim kualitas (maxim of quality), maksim relevansi (maxim of relevance), maksim pelaksanaan (maxim of manner). Nalika panutur lan mitra tutur nindakake pacaturan nanging ora manut marang patang maksim kasebut bisa diarani yen nyimpang saka maksim kerjasama. Mula, andharan saka para ahli wigati banget kanggo nggampangake lan nyethakake kepriyeye dhasare teori sajrone panliten iki.

METODHE PANLITEN

Ancangan kang digunakake sajrone panliten iki kalebu panliten *dheskriptif kualitatif*. Matthew (1992:1) njlentrehake yen panliten kualitatif mujudake sumber saka dheskripsi kang rowa lan nduweni lelandhesan kang kuwat, sarta ngemot andharan ngenani proses-proses kang dumadi sajrone papan lan waktu tartamtu.

Panliten iki nggunakake metodhe dheskriptif kualitatif kanggo Tegese dhata-dhata kang kasil diklumpukake banjur diandharake siji mbaka siji adhedhasar prinsip kerjasama. Panliten iki kagolong panliten kang adhedhasar kasunyatan kanthi nggunakake teori dhasar, modhel dhata. Tegese kang ditliti yaiku pacaturan sajrone para mahasiswa kang kos ing Babatan Surabaya.

Sumber Dhatane Panliten

Dhata sajrone panliten iki saka sekabehe ukara pacaturan kang ditindakake dening para mahasiswa. Mahasiswa awèh pitakonan lan wangsulan kang maneka warna, nanging kang dijupuk yaiku cecaturan antarane mahasiswa kang ngandhut wujud maksim kerjasama lan penyimpangan maksim kerjasama. Tuturan kang dijupuk dening panliti sajrone pacaturan para mahasiswa kang kos ing Babatan Surabaya, amarga dhata kasebut dirasa wis bisa makili kanggo nganalisis. Dene sumber dhata sajrone panliten iki yaiku para mahasiswa kang kos ing Babatan Surabaya. ing panliten iki ora cukup mung pacaturan sedina rong ndina, nanging mbutuhake seminggu nganti rong minggu ngrekam pacaturane para mahasiswa kang kos kasebut. Ing kene dikarepake supaya bisa nemokake dhata kang ngandhut aspek-aspek pragmatik. Mligine aspek maksim kerjasama lan aspek penyimpangan kerjasama.

Instrumen Panliten

Alat pangumpul dhata panliten yaiku piranti kang digunakake kanggo ngumpulake dhata panliten. Sajrone panliten iki, alat pangumpul dhata panliten dibedakake dadi loro, yaiku alat pangumpul dhata kang baku lan alat pangumpul dhata kang asipat

panyengkuyung. Alat pangumpul dhata kang baku yaiku panliti. Dene instrument panyengkuyung yaiku tekhnik nyemak-nyathet saka medhia audio visual.

Tata Cara Pangumpul Dhata

Tata cara kang digunakake kanggo nglumpukake dhata panliten yaiku nggunakake metodhe nyemak, (Sudaryanto, 2005:92 lan 2005:95) metodhe nyemak yaiku nyathet sekabehing pacaturan kang digunakake dening wong kang guneman. Metodhe nyemak ditindakake kanthi limang teknik yaiku (a) teknik sadap, (b) teknik nyemak libat cakap, (c) teknik nyemak bebas libat cakap, (d) teknik rekan lan (e) teknik nyathet. Sabanjure kaya mangkono panliti banjur nglumpukake rekaman-rekaman cecaturane para mahasiswa kang kos ing Babatan Surabaya kang arupa rekaman audio, nyemak kabeh pacaturan kang lagi ditindakake dening para mahasiswa, nraskripsi kabeh pacaturane para mahasiswa saka tuturan lisan dadi tuturan tulis, sabanjure uga nyathet tuturan kang dituturake dening para mahasiswa kang ngandhut prinsip kerjasama lan penyimpangan prinsip kerjasama Grice, sajrone rekaman audio pacaturan kang dituturake dening para mahasiswa kang kos ing Babatan Surabaya.

Tata Cara Pangolahe Dhata

- 1) Nglumpukake dhata kang dibutuhake, panliten nglumpukake dhata saka rekaman audio pacaturane para mahasiswa banjur dhata kang wis dikumpulake saka rekaman audio kasebut banjur ditranskripsi utawa disalin wujud dadi ketikan.
- 2) Klasifikasi lan kodifikasi dhata, tujuwane yaiku milah-milah dhata. Dhata kang wis nglumpuk banjur diklumpukake kanthi adhedhasar underane panliten, yaiku wujud maksim kerjasama lan penyimpangan maksim kerjasama, pamilah kasebut dibarengi karo kagiyatan menehi kode, bisa arupa nomer-nomer. Kanthi menehi kode kasebut bisa nggampangake panliti anggoné nglompokake dhata.
- 3) Verifikasi dhata, panliti ing tahap iki nindakake kagiyatan verifikasi sawise nranskripsi. Ateges yen niliti maneh bab kang wis dingerteni amrih luwih bener lan pener, slaras karo prakara kang bakal ditliti.
- 4) Nganalisis dhata, yaiku kagiyatan nganalisis kanggo ngasilake sawijine dheskripsi utawa andharan saka dhata kang wis dipikolehi slaras karo prakara kang ana ing underan panliten. Andharan saka analisa dhata iki nduweni paedah kanggo mangsuli underane panliten sajrone panliten iki.

Tata Cara Ngandharake Asile Panliten

- 1) Bab I minangka purwakane panliten kang ngemu sub bab ing antarane yaiku landhesane panliten, punjere paliten, tujuwan panliten, paedhahe panliten, wewatesane panliten uga panjlentrehe tetembungan.
- 2) Bab II minangka tintingan kapustakan kang ngemu sub bab ing antarane yaiku panliten kang saemper, lan konsep-konsep uga lelandhesan teori kang gegayutan karo panliten kang ditindakake
- 3) Bab III minangka metodhe panliten kang ngemu sub bab ing antarane rancangan panliten, sumber dhata,

instrument panliten, tata cara nglumpukake dhata, lan cara pangolahe dhata, lan tata cara nulis asile panliten

- 4) Bab IV isine ngenani adharan asile panliten ngenani maksim kerjasama, wujud lan penyimpangan saka prinsip kerjasama Grice sajrone pacaturan para Mahasiswa kang Kos ing Babatan Surabaya.
- 5) Bab V minangka panutup kang isine ngenani dudutan pamrayoga saka sakabehe andharan asiling panliten

ANDHARAN ASILE PANLITEN

Aspek pragmatik kang arep kababar ing sajrone panliten iki nggunakake teori maksim kerjasama Grice. Sekabehane bakal kaandharake kanthi lelandhesan peranan prinsip kerjasama lan penyimpangan prinsip kerjasama sajrone pacaturan para mahasiswa kang kos ing Babatan Surabaya.

Prinsip kerjasama Grice iki mujudake gegambaran pacaturan antarane paraga pacaturan, mligine kang dadi objek panliten yaiku pacaturan sajrone para mahasiswa kang kos ing Babatan Surabaya. Prinsip kerjasama Grice sajrone pacaturan para mahasiswa kang kos ing Babatan Surabaya bakal kaperang dadi papat.

Maksim Kuantitas

Maksim kuantitas yaiku pacaturan kang mung saperlune wae lan apa anane, kang ateges yen anggone cecaturan kuwi ora kurang lan ora luwih (Grice sajrone Wijana, 1996:46). Dene Rani (2006:242) uga ngandharake yen sajrone prinsip kuantitas, pamicara nggunakake basa kang ora luwih ora kurang, lan nduweni tujuwan. Saliyane iku, ana rong subprinsip kang dadi landhesan ing maksim kuantitas, yaiku (1) *informasi* kang diwenehake kudu asipat *informatif* lan (2) *informasi* kang diwenehake ora ngluwihi apa kang arep diwenehake. Ing maksim kuantitas, pamicara kudu bisa menehake *informasi* kang cukup lan *informatif*. Maksude, *informasi* ora ngluwihi apa kang dibutuhake mitra wicara, dene wedharan kang ngluwihi butuhe mitra wicara diarani ora manut tatanan prinsip kuantitas. Maksim kuantitas sajrone pacaturan para mahasiswa kang kos ing Babatan Surabaya mujudake ragam basa kang ditindakake mung saperlune wae lan apa anane ora kurang lan ora luwih. Ateges sajrone nindakake pacaturan, paraga siji lan sijine mung mangsuli apa kang dadi pitakonan paraga liyane kang wangsulane mung saperlune wae miturut butuhe paraga mitra tuture. Kaya dene pethikan ing ngisor iki.

- Ds : Wid, kowe anak nomer pira?
Ds : 'Wid, kamu anak nomer berapa?'
Wd : Nomer loro Des, yen tunggalmu pira?
Wd : 'nomer dua Des, kalau saudaramu berapa?'
Ds : Oh, sedulurku ya loro aku sing mbarep.
Ds : 'Oh, saudaraku juga dua aku yang sulung'

Cuplikan ing ndhuwur nuduhake pacaturan para mahasiswa kang ngandhut Maksim kuantitas, bisa kabukti saka pacaturan kang saperlune wae, ora kurang lan ora luwih. Bab kasebut ndadekake swasana utawa kahanan

pacaturan katon temen. Mula saka kuwi tuladhane maksim kuantitas mono ora bakal ndadekake swasana lucu sajrone pacaturan amarga apa kang diandharake dening paraga kalebu bab kang nyata tur saperlune wae. Antarane panutur lan mitra tutur mung saperlune kang dibutuhake sajrone pacaturan. Mula saka kuwi bisa didudut yen nalika pacaturan mung saperlune wae, ora kurang ora luwih.

Dideleng saka dhata ing ndhuwur nuduhake pacaturan antarane kaloro mahasiswa, yaiku Ds lan Wd sajrone pacaturan. Panutur takon marang mitra tutur anak nomer pira, banjur mitra tutur mangsuli saperlune wae yaiku anak nomer loro, ora perlu menehi wangsulan kang ora saperlune. Apa maneh yen takon nomer cukup mangsuli apa anane. Adhedhasar dhata kasebut wangsulane mitra tutur kabukti yen trep karo prinsip kerjasama Grice yaiku maksim kuantitas, amarga nalika panutur takon marang mitra tutur nomer pira, banjur wangsulane mitra tutur cetha lan satemene yen anak nomer loro. Dadi wangsulan 'Nomer loro Des' wis mujudake wangsulan kang cetha tur trep miturut butuhe mitra tuture kang ora kurang lan ora luwih. Bab kasebut ndadekake swasana utawa kahanan katon temen.

- Wd : Lha kowe arepe menyang ngendi?
Wd : 'Kamu mau berangkat kemana?'
Ds : Kampus
Ds : 'Kampus'
Wd : Arepe nyapo neng kampus?
Wd : 'mau ngapain di kampus?'
Ds : Maca buku.
Ds : 'Baca buku.'

Dhata ing ndhuwur bisa diarani Maksim kuantitas. Pacaturan kasebut ditindakake dening mahasiswa. Panutur takon marang mitra tutur. Panutur nduweni maksut takon marang mitra tutur arepe menyang ana ing ngendi kok klamben rapi banjur mitra tutur mangsuli yen dheweke arepe menyang kampus. wangsulan 'kampus' kasebut wis nuduhake wangsulan kang satemene yen dheweke arepe menyang kampus. Semono uga yen pitakonan kaloro kang dituturake dening panutur 'Arepe nyapo neng kampus?' ing kono mitra tutur aweh wangsulan 'maca buku'. Wangsulane kaya mangkono uga nuduhake yen dheweke ing kampus arepe maca buku. Pacaturan ing antarane mahasiswa kasebut salaras karo maksim kuantitas.

Maksim Kualitas

Sajrone maksim kualitas tindak wicara dikarepake bisa nyampekake samubarang kang bener lan nyata. (Grice sajrone Parera, 2004:245) ngandharake yen ing maksim kualitas ngemu caturan kang bener utawa blaka kanthi jujur lan pener. Paraga tindak wicara ing Maksim kualitas kudu bisa menehi informasi kang nyata lan ana dhasare (fakta) sajrone wedharane (Rahardi, 2005:55). Subprinsip ing maksim kualitas yaiku aja ngomongake samubarang kang dirasa ora bener, lan aja ngomongake samubarang kang ora nyata utawa ora bener (Rani, 2006:244).

- Ds : Kok sedhih maneh ana apa?
Ds : 'Kok sedih ada apa?'

- Wd : Saliyane pedhot tresna, jarene aku ora isa melu wisudha oktober
Wd : *'Selain saya putus cinta, katanya saya tidak bisa ikut wisuda oktober'*
Ds : Sapa kandha? Surat Penetapan Kelulusanmu kan wis metu
Ds : *'Siapa bilang? Surat Penetapan Kelulusan kan sudah keluar'*

Dhata ing pacaturan kasebut nuduhake mitra tutur menahi wangsulan kang trep lan apa anane. Ateges apa kang diandharake dening panutur cocog karo apa kang diwangsulake dening mitra tutur. Nalika panutur takon marang mitra tutur kena ngapa kok sedhih maneh, mitra tutur awesh wangsulan yen dheweke saliyané lagi pedhot tresna dheweke uga jarene ora bisa melu wisudha sasi Oktober. Wangsulan kasebut trep klawan apa kang dikarepake. Amarga maksim kualitas ora nggunakake wangsulan kang ora trep lan ngapusi, maksim kualitas ora ndadekake lucu ing pacaturan. Tuladha kang kaya mangkono kang diarani Maksim kualitas.

- Ds : Kok sedhih maneh ana apa?
Ds : *'Kok sedih ada apa?'*
Wd : Saliyane pedhot tresna, jarene aku ora isa melu wisudha oktober
Wd : *'Selain saya putus cinta, katanya saya tidak bisa ikut wisuda oktober'*
Ds : Sapa kandha? Surat Penetapan Kelulusanmu kan wis metu
Ds : *'Siapa bilang? Surat Penetapan Kelulusan kan sudah keluar'*

Dhata ing pacaturan kasebut nuduhake mitra tutur menahi wangsulan kang trep lan apa anane. Ateges apa kang diandharake dening panutur cocog karo apa kang diwangsulake dening mitra tutur. Nalika panutur takon marang mitra tutur kena ngapa kok sedhih maneh, mitra tutur awesh wangsulan yen dheweke saliyané lagi pedhot tresna dheweke uga jarene ora bisa melu wisudha sasi Oktober. Wangsulan kasebut trep klawan apa kang dikarepake. Amarga maksim kualitas ora nggunakake wangsulan kang ora trep lan ngapusi, maksim kualitas ora ndadekake lucu ing pacaturan. Tuladha kang kaya mangkono kang diarani Maksim kualitas.

- Ds : Saiki jam pira?
Ds : *'Sekarang jam berapa?'*
Wd : Jam setengah 10
Wd : *'Jam setengah 10'*
Ds : Gak mati ta jam mu?
Ds : *'Tidak mati tah jam kamu?'*
Wd : Ya gak lah rek, lagi wae tak ganti batre.
Wd : *'Ya tidak lah, baru saja saya ganti batrai'*

Dhata ing ndhuwur nuduhake pacaturan para mahasiswa kang lagi ngrembug perkara jam tangan. Ing pacaturan kasebut nuduhake rasa kepingin ngerti perkara wektu saiki jam pira, banjur mitra tutur awesh wangsulan yen saiki jam setengah 10. Panutur ora percaya yen wektu kuwi lagi wae

setengah 10. Bab kasebut banjur ditegesi dening mitra tutur ing pacaturan kang kaping pindho, mitra tutur awesh wangsulan 'ya gak lah rek, lagi wae tak ganti batre' wangsulan kasebut adhedhasar faktane yen dheweke lagi wae ngganti batre jam tangan kang lagi digawe nalika ditakoni marang panutur. Kabeh uga ngerti yen jam tangan kang wis diganti batre kang anyar kuwi bakal suwe matine. Mula saka kuwi wangsulan kang dituturake dening mitra tutur mujudake wangsulan kang satemene yen wektu kuwi pancen bener isih jam setengah 10, wangsulan kasebut uga trep karo apa kang dikarepake dening panutur yaiku ngerteni wektu saiki lagi jam pira.

Maksim Relevansi

Sajrone maksim relevansi, nguwajibake supaya saben panutur menahi konstibusi kang relevan karo konteks utawa perkara kang dirembug (Wijana, 1996:49). maksim relevansi utawa maksim hubungan miturut Yule (2014:64) uga ngarepake supaya panutur kudu *relevan* nalika cecaturan. Ateges yen apa kang dituturake dening panutur lan mitra tutur kudu cocog sesambungan tumrap topik wedharane. Luwih cethane yen anggone cecaturan kuwi ora bisa mencla-mencle saka topik pacaturan, ora nyimpang uga ora sakarepe dhewe. Luwih gamblange kepriye wujud maksim relevansi kang digunakake sajrone pacaturan para mahasiswa kang kos ing Babatan Surabaya kaandharake lan kajlentrehake kaya ing ngisor iki.

- Ds : Sepedhah motormu anyar ya iki, sajake kepenak lek digawe mlaku adoh.
Ds : *'Motormu baru ya, sepertinya enak kalau dibuat perjalanan jauh'*
Wd : Kowe aja ngenyek dhisik ta, aku lek nggawe motor iku rasane sedhih banget
Wd : *'Kamu jangan menghina dulu, say ajika menaiki motor itu rasanya sedih'*
Ds : Lha kena ngapa wong smotore ya anyar
Ds : *'La kenapa, kan motornya juga baru'*
Wd : Iya, pancen anyar ning kreditan. Bingung mbayare
Wd : *'Iya, memang baru tapi kreditan, bingung bayarnya'*

Dhata (51) ing ndhuwur nuduhake pacaturan para mahasiswa kang lagi ngrembug sepedhah motor anyar. Panutur nduweni kekarepan nalika ngomong karo mitra tutur yen sepedhah motore kuwi anyar ketokake penak banget lek digawe mlaku adoh ibarate ngono lek digawe malku-mlaku menyang njabane kutha. Banjur mitra tutur awesh wangsulan 'kowe aja ngenyek dhisik ta, aku lek nggawe montor iku rasane sedhih banget' saka wangsulan aksebut nuduhake yen mitra tutur lagi sedhih nalika numpaki sepedhah montor kasebut. Banjur panutur uga takon maneh marang mitra tutur lha kena ngapa kok numpaki sepedhah anyar kok sedhih, banjur mitra tutur uga awesh wangsulan ya pancen anyar nanging kuwi ya sepedhah montor kreditan, sedhih mikir mbayare. Kaya ing dhata kang kacuplik ing ndhuwur, katon banget apa kang dituturake dening panutur lan mitra tutur nduweni seambunganutawa cundhuk karo wedharane kang dikarepake dening panutur. Wangsulan kasebut wis cocog

kaya kang dikarepake dening pannutur, bisa didudut yen kabeh kang diwedharake dening panutur lan mitra tutur yaiku pacaturan kang relevan karo topik kang lagi dirembug yaiku ngenani penake sepedhah montor anyar. Saka pacaturan ing ndhuwur, cetha nuduhake yen pacaturan kalebu maksim relevansi, amarga antarane panutur lan mitra tutur wis manut karo topik wedharan kang ora mencla-mencle.

Ds : Awakmu tau tuku mie ayam ing kampus ora?

Ds : *'Kamu pernah beli mie ayam dikampus?'*

Wd : Tau, nyapo hlo?

Wd : *'Pernah, ada apa?'*

Ds : Masakane pancen enak, iku asline wong saka ngendi ta?

Ds : *'Masakannya enak, orang itu asli mana?'*

Wd : Apa maneh ngerti asale, jenenge wae ora weruh

Wd : *'Apalagi tau asalnya, namanya saja tidak tau'*

Dhata ing ndhuwur uga ngandharake anane maksim relevansi, pacaturan kasebut ngandharake lan lagi ngomongake perkara warung. Ing kene kacritakake yen panutur lagi cecaturan lan kepengen ngerti marang mitra tutur wis tau mangan ing warung kang ana ing kantin apa durung. Saka pacaturan kang kacuplik ing ndhuwur, banjur mitra tutur mangsuli pitakonane panutur yen dheweke tau mangan ing kantin. Sabanjure panutur uga awèh pitakonan kang kaping pindho marang mitra tutur yen wong kang dodol ing kantin kuwi asale saka ngendi ta kok masakane enak tenan. Banjur mitra tutur awèh wangsulan 'apa maneh ngerti asale, jenenge wae ora weruh' wangsulan kang kacuplik ing ndhuwur ngandharake yen ananee maksim relevansi ing dhata ndhuwur iki, panutur lan mitra tutur bisa nyambung lan cocog nalika ngandharake warung kang masakane enak ing kantin kasebut. Wiwitane cecaturan lan awèh pitakonan wis tau manga nana ing warung kantin apa durung lan pungkasane takon asale wong kang nduwe warung kuwi saka ngendi. Bab kaya mangkono saya nuduhake kepriye pacaturan kang cundhuk karo topike pacaturan tanpa nyimpang saka topik pacaturan kang lagi dirembug. Antarane panutur lan mitra tutur padha-padha awèh wedharan kaya kang dadi kekarepan kekarone, saengga pacaturan kaloro paraga kasebut katon bisa lumaku lancar.

Maksim Pelaksanaan

Sajrone maksim pelaksanaan, paragane tindak wicara kudu nindakake kanthi cetha, langsung, lan gamblang. Paraga tindak wicara kang ora bisa nindakake prasarat kaya mangkono dianggep ora manut tatanan prinsip pelaksanaan (Rahardi, 2005:57). Grice uga ngandharake yen ing maksim pelaksanaan, pamicara kudu ngandharake kanthi cetha, saengga mitra wicara bisa ngerteni (Parera, 2004:245). Maksim pelaksanaan iki tegese caturan pamicara kudu ditindakake amrih mitra wicara bisa ngerteni. Kang paling wigati ing prinsip

pelaksanaan yaiku, aja nganti nyethakake samubarang kanthi samar, ringkes, lan nalika caturan kudu urut manut tatanan basa. maksim pelaksanaan sajrone pacaturane para mahasiswa kang kos ing Babatan Surabaya mujudake ragam basa pacaturan kang cetha, langsung, lan gamblang ora mbulet. Adhedhasar katrangan kasebut, andharan lan jlentrehan saka pacaturan para mahasiswa kang kos ing Babatan Surabaya kang ngandhut maksim pelaksanaan yaiku kaya ing ngisor iki.

Ds : Apa syarate nek arepe sidhang skripsi?

Ds : *'Apa persyaratan jika mau siding skripsi?'*

Wd : Syarate yen arepe sidhang skripsi kapisan kudu mari skripsine, loro wis nempuh sks kang wis ditentokna, telu wis lulus Toefl. Hla kowe apa wis lulus?

Wd : *'Syarat jika ingin siding skripsi yang pertama harus sudah selesai skripsinya, kedua sudah menempuh sks yang sudah ditentukan, tiga harus sudah lulus toefl. Kamu sudah lulus?'*

Dhata ing ndhuwur nuduhake pacaturan mahasiswa kang lagi ngrembug perkara sidhang skripsi. Panutur takon marang mitra tutur apa kang dadi syarat nalika arepe sidhang skripsi. Banjur mitra tutur awèh wangsulan yen arep sidhang skripsi kuwi syarat kang kapisan yaiku kudu mari skripsine, syarat kaloro kuwi kudu is nempuh bates sks kang ditentokake, lan syarat katelu kuwi kudu wis lulus tes Toefl. Wangsulane mitra tutur inng ndhuwur kasebut nuduhake wedharan kang cetha, gamblang lan ora mbulet. Maksud saka informasi kang diwedharake dening mitra tutur kabukti gampang tinampa lan dingerteni marang panutur, yaiku kanggo mahasiswa kang arepe sidhang skripsi kuwi kudu wis mari skripsine, mari skse lan lulus toefle. Wedharan antarane panutur lan mitra tutur kaya kang kacuplik ing ndhuwur, yaiku nuduhake wedharan kang kalebu ing maksim pelaksanaan. Kabukti saka apa kang diwedharake dening mitra tutur, nuduhake wedharan kang cundhuk karo maksud saka pitakonane panutur kanthi ngandharake informasi kang cetha, gamblang lan ora nduweni teges kang mangro.

Ds : Lho, rambut dipotong nganggo apa?

Ds : *'Lho rambutnya dipotong pakai apa?'*

Ft : Nganggo gunting wae, amarga lek nganggo pames bakale rambute ora apik, pucuke bakale nyabang lan wernane abang. Dikandhani kok ora percaya.

Ft : *'Pakai gunting, jika pakai pames rambutnya tidak bagus, bagian bawah bercabang dan berwarna merah. Dikasih tau tidak percaya?'*

Dene dhata ing ndhuwur, yaiku pacaturan mahasiswa kang lagi ngrembug potong rambut. Panutur takon marang mitra tutur rambute dipotong nganggo apa, banjur mitra tutur awèh wangsulan 'nganggo gunting wae, amarga lek nganggo pames bakale rambute ora apik,

pucuke bakale nyabang lan wernane abang. Dikandhani kok ora percaya'. Wangsulane mitra tutur kasebut nuduhake wangsulane kang cetha tur gamblang kang njelasake perkara potong rambut nggunakake gunting lan pames. Wedharane mitra tutur uga negesake yen potong rambut nggunakake gunting utawa nggunakake pames kuwi seje-seje asile. Mula, bisa kaaran yen tuturane mitra tutur cundhuk karo maksim pelaksanaan, amarga dheweke menehi informasi kang cetha lan menehi panjlentrehane kang cundhuk karo pitakonane mitra tutur kang takon perkara potong rambut nganggo apa. Saka pacaturane panutur lan mitra tutur ring ndhuwur ora nuduhake wedharane kang ambigu, saengga apa kang ditakokake dening panutur bisa gampang katampa dening mitra tutur lan apa kang diwedharake dening mitra tutur bisa gampang uga dingerteni dening panutur.

Penyimpangan Maksim Kuantitas

Penyimpangan maksim kuantitas sajrone pacaturane para mahasiswa ora nuturake pacaturan kang saperlune wae, ora sacukupe lan ora apa anane. Bab kasebut bisa dilakoni kanthi cara sinengaja utawa ora sinengaja supaya bisa ndadekake lelucon lan nuwuhake makna lucu sajrone pacaturane. Pacaturane para mahasiswa kang kos ing Babatan Surabaya kalebu nyimpang saka maksim kuantitas bakal dijlentrehake siji mbaka siji supaya bisa luwih gamblang. Kaya dene pethikan pacaturan ing ngisor iki.

Ds : Gulingku nengendi?
Ds : 'Guling saya dimana?'
Wd : kuwi neng kulkas
Wd : 'Itu dikulkas'

Dhata ing ndhuwur nuduhake pacaturane kaloro mahasiswa kang lagi ngomongake guling, kacritakake ing kene panutur lan mitra tutur cecaturan ing wayah wengi lan arepe mapan turu. Amarga dirasa gulinge ora ana ing ngiringane, banjur panutur takon marang mitra tutur takon gulinge ana ing ngendi, banjur ing kene mitra tutur awèh wangsulane 'kuwi neng kulkas' ing wangsulane kang diandharake dening mitra tutur ing ndhuwur yaiku ora apa anane lan ora cetha, apa perkarane kok nganti guling kuwi mau ana ing kulkas, wangsulane kang diwedharake dening mitra tutur ing ndhuwur banget ora bisa dinalar, lan wangsulane kang diwedharake dening mitra tutur ora wangsulane kang dikarepkake dening panutur, pacaturan ing ndhuwur cetha banget yen kalebu ing penyimpangan maksim kuantitas.

Penyimpangan Maksim Kualitas

Penyimpangan maksim kualitas yaiku wujud penyimpangan kang dumadi amarga pacaturane ora ngandharake bab kang satemene. Penyimpangan maksim kualitas sajrone pacaturan para mahasiswa kang kos ing Babatan Surabaya iki mujudake maksim kualitas kang sawalike, yaiku ngemu teges kang ora bener. Andharane saka paraga mujudake andharane kang beda karo kasunyatan utawa tanpa bukti lan kanyatan kang sabenere. Kaya dene pethikan ing ngisor iki.

Ds : Wong ya kerdhus ngene wae kok mok kon otang-otang ngalor ngidul ta?
Ds : 'Kerdus seperti ini saja kok kamu susruh bawa kesana kemari ta?'
Wd : He alon-alon aja kok banting! Iku tas isine intan berlian
Wd : 'Pelan-pelan jangan dibanting! Itu tas isinya intan berlian'
Ds : Lha kok mambu duren ngene?
Ds : 'Lha kok bau durian?'
Wd : Senenganku hlo kuwi
Wd : 'Kesukaanku itu'

Dhata ing ndhuwur nuduhake pacaturan antarane kaloro mahasiswa, kacritakake wektu kuwi panutur diaturi nggawa kerduse dietang-eteng ngalor ngidul. Ing kene panutur takon marang mitra tutur 'wong ya kedhus ngene wae kok mok kon otang-otang ngalor ngidul ta' pitakonan kasebut nuduhake asa penasaran panutur marang mitra tutur ngenani isi kerdhus kang diaturi nggawa ngalor ngidul saobahe awake. Mitra tutur banjur menehi wangsulane 'he alon-alon aja kok banting, iku tas isine intan berlian'. Supaya ora penasaran lan nduwe wangsulane apa kang dadi isi sajrone kerdhus kang kudu digawa ngalor ngidul, dheweke nduweni pamikiran yen ta kang diaturi nggawa ngalor ngidul kuwi pancen bener intan berlian, ora bakal diadhahi kerdhus, amarga dunya kang kaya ngono wigati banget lan kalebu barang kang angel dinduweni kanggo kabèh pawongan. Banjur ing kene panutur nduweni *insiatif* kanggo ngambu kerdhus kuwi jebule mambu duren. Saka pitakonane panutur ing ndhuwur katon yen mitra tutur ora menehi wangsulane kang satemene lan adhedhasar faktane. Mitra tutur mangsuli yen isine kerdhus kuwi mau intan berlian nanging wangsulane kasebut jebule ngapusi. Kabukti saka panutur ngambu kerduse kuwi ora nemokake intan berlian nanging malah ngambu duren, banjur ditegesake yen duren kuwi senengane. Saka wangsulane mitra tutur, nuduhake yen mitra tutur ngelanggar maksim kualitas. Mitra tutur sinengaja menehi wangsulane ngapusi ora adhedhasar fakta kang ana, amarga dheweke kepengin katon wah ing antarane kancane. Wangsulane kang nylenèh kaya mangkono pancene sinengaja ditindakake, jalarane dheweke kepengin nuduhake pacaturan kang lucu.

Penyimpangan Maksim Relevansi

Penyimpangan maksim relevansi sajronne pacaturane para mahasiswa kang kos ing Babatan Surabaya mujudake basa kang ditindakake dening panutur lan mitra tutur kang ora cocog tumrap wedharane. Mula, kang diomongake ora cocog karo apa kang dikarepake sajrone pacaturan, kabèh mau supaya katon lucu. Kaya dene pethikan ing ngisor iki.

Ds : Tegese sing jenenge rahasia karo bojo kuwi kudu dipendhem ora oleh dibeberne.
Ds : 'Artinya yang namanya rahasia bersama suami itu harus dipendam tidak boleh dibeberkan.'
Wd : Iya dipendhem, dijungkir sirah ke ngisor.

Wd : *'Iya dipendam, dibalik kepalanya ditaruh dibawah.'*

Dhata ing ndhuwur yaiku antarane kaloro mahasiswa kang lagi ngomongake paribasan yaiku mikul dhuwur mendhem jero, panutur nuturi kanthi wedharan maksud saka paribasan kasebut. Negesake yen rahasiane bojo kuwi kudu dipendhem jero dipikul dhuwur. Ing kene mitra tutur banjur mangsuli kanthi wedharan 'iya dijungkir, sirahe dikek ngisor'. Saka wedharan kang diwedharake dening mitra tutur ing ndhuwur nuduhake wedharan kang ora relevan karo topik wedharan kang lagi dirembug, amarga mitra tutur gagal anggone nampa maksud kang dituturake dening panutur kang njalari dheweke dadi menahi wangsulan kang ora nyambung karo pokok pacaturane kang lagi dirembug. Kang dimaksudake dening panutur ing ndhuwur yaiku kang diarani rahasiane bojo kuwi kudu dipendhem jero dipikul dhuwur, ateges ora kabeh bab kudu diheberake marang kancane, wong tuwane lan marang sapa wae. Dene ing kene panutur nyambung malah bojo kuwi dipendhem banjur diwalik sirahe sirahe. Wedharan kaya mangkono ndadekake pacaturan ora relevan karo topik wedharan, kang ateges yen pacaturane nyimpangake maksim relevansi. Senadyan pacaturan kasebut katon lucu nanging wedharan kang dituturake dening panutur ing ndhuwur nduweni maksud ngelingake marang kancane supaya bisa mendhem lan nutup-nutupi apa kang dadi rahasiane bojo.

Ds : Awakmu iki milih wong lanang sing modhel piye ta bro?

Ds : *'Kamu ini memilih laik-laki yang bagaimana?'*

Wd : Aku ki masuk kabeh bro, ibarate sandhal ngono langsung tak sloboki.

Wd : *'Saya ini masuk semua bro, ibaratnya sandal langsung saya pakai.'*

Semono uga dhata (118) kang isih nuduhake pacaturane kaloro mahasiswa katon lagi ngomongake perkara wong lanang. Kacritakake wektu kuwi mitra tutur lagi mbuka-mbukai foto wong lanang kang ana ing sosial media yaiku facebook. Banjur ing kene panutur awèh pitakonan marang mitra tutur 'awakmu iki milih wong lanang sing modhel piye ta bro'. banjur ing kene mitra tutur uga awèh wangsulan 'aku iki masuk kabeh kok bro, ibarate sandhal ngono langsung tak sloboki'. Pacaturan ing ndhuwur nuduhake pacaturan kang nyimpang saka maksim relevansi. Bisa kabukti saka wangsulane mitra tutur kang ora sambung karo pitakonane panutur. Mitra tutur ing kene ora menahi wangsulan kang trep, nanging malah menahi wedharan liya kang ngumpamakake yen dheweke kuwi ora milih-milih wong lanang, ibarate sandhal ngono langsung disloboki. Kudune ing kene mitra tutur bisa mangsuli pitakonane panutur kanthi becik. Apa kang diandharake marang mitra tutur ing ndhuwur, ora nuduhake andharan kang ora ana gegayutane karo pacaturan kang lagi diomongake dening panutur. Nanging ing kene mitra tutur malah menahi wangsulan kang ngrembug perkara sandhal. Pelanggaran kaya mangkono kuwi diarani pelanggaran maksim relevansi kang ndadekake kaloro mahasiswa kasebut dadi katon lucu.

Penyimpangan Maksim Pelaksanaan

Penyimpangan maksim pelaksanaan yaiku nalika panutur lan mitra tutur ngandharake samubarang kang sipate ambigu, ora cetha, ora langsung, lan ora gamblang. Pacaturan kasebut bisa wae njalari salah tampa, saengga panutur lan mitra tutur kudu nduweni maksud kang satemene saka apa kang dipocapake. Pacaturane para mahasiswa kalebu nyimpang saka maksim pelaksanaan bakal diandharake lan dijlentrehake kaya ing ngisor iki.

Ds : Nyuwun sewu.

Ds : *'Permisi.'*

Wd : Aja sewu. Satusan wae lima.

Wd : *'Jangan seribu, seratusan saja lima.'*

Ds : Umume kan sewu.

Ds : *'Umumnya kan seribu.'*

Dhata ing ndhuwur nuduhake pacaturane kaloro mahasiswa. Kacritakake ing kene panutur lagi nglewati kancane nalika lungguh ing dalanan kang arepe metu, banjur ing kene panutur ngandharake 'nyuwun sewu'. Ing kene banjur mitra tutur awèh wangsulan 'aja sewu, satusan wae lima'. Saka wedharan mitra tutur kasebut nuduhake yen mitra tutur kasebut salah tampa nalika panutur ngucapake nyuwun sewu, dene maksud kang dikarepake dening panutur yaiku ngomong permisi. Ukara kasebut wis lumrah dipocapake karo masyarakat jawa nalika arepe liwat ing ngarepe wong kang lagi lungguh utawa wong kang lagi neng ngarepe. Saka pacaturane mitra tutur kasebut cetha yen nuduhake yen mitra tutur sinengaja mlesetake respon kang kudune diwedharake. Dene ana pawongan kang ngucapake 'nyuwun sewu' kudune mitra tutur awèh wangsulan 'ingih manga.' ora kaya dheweke kang sinengaja mlesetake lan sinengaja salah tampa banjur mangsuli kanthi wedharan kang ora sambung lan nduweni teges liya. Saliyane dicakke ing makna permisi nanging nyuwun sewu uga nduweni teges liya yaiku nyuwun dhuwir cacahe sewu, ing kene banjur mitra tutur mangsuli aja sewu, satusan wae lima. Yen dicakake karo nyuwun dhuwit sewu wangsulan kang diwedharake trep karo apa kang dikarepake dening panutur. Pacaturan kang diplesetake kanthi teges liya yaiku nuduhake paacaturan kang sinengaja nyimpangake maksim pelaksanaan.

Ds : Amit ya.

Ds : *'Permisi ya.'*

Wd : 'Wo sapa sing pacare kamit?

Wd : *'Wo, siapa yang pacarnya kamit?'*

Ds : Kamat kae

Ds : *'Kamat itu.'*

Dene dhata iki nuduhake kaloro mahasiswa kang arepe ngomong nanging wedi yen omongane kuwi katon ora lumrah, banjur panutur awèh wedharan yen 'amit ya' saka wedharan kang diomongake dening panutur inng ndhuwur banjur kawangsulan dening mitra tutur 'wo sapa sing pacare kamet.' Saka wangsulane mitra tutur ring ndhuwur kuwi ora cetha lan mitra tutur kuwi salah tampa, kang dikarepake dening panutur nalika ngucapake tembung amet kuwi bisa oleh wangsulan iya, nanging mitra tutur malah mlesetake lan bali takon marang panutur

sapa sing pacare kamit, ing kene nudhake yen pacaturan iki nuduhake wangsulan kang nyimpang saka maksim pelaksanaan. Kudune antarane panutur lan mitra tutur manut marang maksim pacaturan. Dene dhata ing ndhuwur mitra tutur awèh wangsulan yen dirasa marang panutur wangsulan ang diwedharake kuwi ora cetha, ing kene panutur ngomong amit banjur respon kang diolehi marang mitra tutur malah sapa sing pacare kamit. Kathi wedharan kang ora cetha lan salah tanpa kaya mangkono kalebu penyimpangan maksim pelaksanaan

PANUTUP

Dudutan

Adhedhedar andharan kang wis dijlentrehake ing bab IV, cetha yen pacaturan para mahasiswa kuwi ngandharake lan ngemu surasa kang temen nanging asipat santai nalika cecaturan. Pacaturan para Mahasiswa kang kos ing Babatan Surabaya kuwi ngandhut aspek pragmatik maksim kerjasama teorine Grice. Bisa didudut yen pacaturane para mahasiswa kang kos ing Babatan Surabaya kuwi patuh marang kaidah basa lan patang maksim kerjasama miturut panemune Grice. Wujud maksim kerjasama kang digunakake, ing antarane yaiku (1) maksim kerjasama kuantitas, (2) maksim kerjasama kualitas, (3) maksim kerjasama relevansi, lan (4) maksim kerjasama cara/pelaksanaan. Semono uga penyimpangan maksim kerjasama kang kasil ditemokake saka saperangan pacaturan ing antarane yaiku (1) maksim kerjasama kuantitas, (2) maksim kerjasama kualitas, (3) maksim kerjasama relevansi, lan (4) maksim kerjasama cara/pelaksanaan.

Sajrone pacaturan kang ditindakake dening para mahasiswa kang kos ing Babatan Surabaya, ana bab kang pancen sinengaja diandharake kanthi cara nyimpangake maksim kerjasama amarga sajrone cecaturan kuwi supaya bisa nglipur lan ora nyebabake spaneng sajrone pacaturan. Saengga ana saperangan pacaturan kang sinengaja dituturake kanthi cara nyimpang saka Maksim Kerjasama.

Pamrayoga

Isih akeh banget wujud lan penyimpangan Maksim Kerjasama sajrone pacaturan para mahasiswa kang kos ing Babatan Surabaya kang durung diandharake ing panliten iki. Mula disuwun kawigatene para pamaca supaya bisa maklumi sakabehe kaluputan panulis lan kanggo sampurnane panliten kang wis ditindakake muga bisa dadi bahan kanggo nyempurnakake panliten kang arep ditindakake sabanjure. Muga bisa ana kang nerusake sarta ngrembakake panliten ngenani aspek pragmatik kang isih akeh kurange iki kanthi asil kang luwih cetha lan luwih saka sampurna.

KAPUSTAKAN

- Abdul, Rani DKK. 2006. *Analisis Wacana Sebuah Kajian Bahasa dalam Pemakaian*. Malang: Bayu Media Publishing.
- Arikunto, Suharsimi. 2014. *Prosedur Penelitian*. Jakarta: PT Rineka Cipta

- Basir, Udjang, Pr. 2010. *Pengantar Kajian Tindak Berbahasa, Konsep, Teori, Model Pendekatan & Fakta Bahasa*. Surabaya: Bintang.
- Chaer, Abdul lan Leonie Agustina. 2004. *Sosiolinguistik (Perkenalan Awal)*. Jakarta: PT Rineka Cipta.
- Leech, Geoffrey. 1993. *Prinsip-Prinsip Pragmatik* (Terjemahan M. D. D. Oka). Jakarta: UI Press.
- Lubis, Hamid Hasan. 1991. *Analisis Wacana Pragmatik. Bandung*: Angkasa.
- Mulyana. 2005. *Kajian Wacana*. Yogyakarta: Tiara Wacana.
- Moloeng, Lexy J. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT. Remadja Rosda Karya.
- Mey, Indah. 2001. *Implikatur Percakapan dalam Bahasa Sehari-hari*. (skripsi ora diterbitake) Yogyakarta: Universitas Negeri Yogyakarta.
- Parera, Josh Daniel. 2004. *Teori Semantik*. Jakarta: Erlangga
- Nababan, P. W. J. 1987. *Ilmu Pragmatik (Teori dan Penerapannya)*. Jakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan
- Poedjosoedarmo, Soepomo. Dkk. 1979. *Morfologi Bahasa Jawa*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa.
- Rahardi, Kunjana. 2003. *Berkenalan dengan Ilmu Bahasa Pragmatik*. Malang: Dioma.
- Rahardi, Kunjana. 2005. *Pragmatik: Kesantunan Imperatif Bahasa Indonesia*. Jakarta: Erlangga

Sumber Skripsi Panliten kang Saemper :

- Wulandari. 2016. *Maksim Kerjasama sajrone Basa Humor Gelanggang Remaja Panjebur Semangat Taun 2013*. Surabaya: Universitas Negeri Surabaya
- Damayanti, Ratna Yulia. 2017 *Prinsip Kerjasama sajrone Pacaturan Lawakan Kirun, Bagyo lan Kholik* Surabaya: Universitas Negeri Surabaya
- Wahyuni. 2016. *Implikatur Pacaturan lan Pelanggaran Maksim Kerjasama sajrone Tetakonan ing Grup Sumbangsih*. Surabaya: Universitas Negeri Surabaya
- Hardiyati, Luluk. 2017. *Maksim Kerjasama sajrone Pagelaraan Wayang Kulit Dhalang Ki Kondho Srinan Joyo alias Sun Gondrong* Surabaya: Universitas Negeri Surabaya
- Sumyati. 2012. *Jenis-Jenis Implikatur Percakapan Berdasarkan Pelanggaran prinsip kerjasama dalam Talk Show Hitam Putih di Trans 7*. Surabaya: Universitas Negeri Surabaya